- **Kana baba varivo vari kushaikwa:** Amai vemwana vanokwanisa kunyoresa mwana muzita rababa vemwana kana paive nemuchato wakanyoreswa mwana asati azvarwa.
- **Kana baba varivo vari kushaikwa uye painge pasina gwaro remuchato:** Amai havakwanisi kunyoresa mwana nezita rababa vemwana. Naizvozvo vanokwanisa kutora birth certificate vachishandisa zita rekumhuri kwavo kwavakaberekwa.

***Vana vanogara kana vanochengetwa nanambuya nasekuru kana dzimwewo hama dzepedyo:***

- Ambuya /muchengeti wemwana wekudivi raamai: anokwanisa kunyoresa kuti mwana awane birth certificate riri muzita raamai vemwana.
- Ambuya /muchengeti wemwana wekudivi rababa: haakwanisi kunyoresa kuti mwana awane birth certificate asi anokurudzirwa kuti ayende kubazi reSocial Development kuti akwanise kuwana rubatsiro rwemagwaro etsigiro.

***Ndinotora sei death certificate (Gwaro rinotaridza kuti munhu akafa) kana hama yangu yakafira kunze kwenyika?***

- Kunyoresa kufa kwemunhu akafira kunze kwenyika kunokwanisa kuitwa chete munyika yaakafira. Bazi rinopa magwaro anosanganisira zvitupa nezvimwewo rinongonyora nezverufu zvechizvarwa chemuZimbabwe mumakombiyuta avo.
- Gwaro rerufu rwemunhu wemuZimbabwe rakagadzirwa kune dzimwe nyika rinogamuchirika zviri pamutemo munyika ino.

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
**Registrar General's Office**
Crn Hebert Chitepo / Leopold Takawira Street, Harare
T: +263 242 702295/9
www.rg.gov.zw

## BAZI RINOONA NEZVEKUPINDA NEKUBUDA MUNYIKA

***Ko ndinopfuura sei paboader kana ndine mwana wehama yangu asi pasina affidavit inobva kuvabereki?***

Kupfuura paboader uine mwana mudiki kunoda mapepa akanyorwa nevabereki vese vemwana kana vese vachiri vapenyu. Kana paine umwe mubereki arikushaikwa, mhuri inokwanisa kuendesa mapepa anotevera kubazi rinoona nezvekupinda nekubuda kwevanhu munyika paboader:

- Pasipoti yemwana
- Affidavit yakadhindwa kuZRP yakanyorwa nehama yepedyo yemubereki ari kushaikwa
- Gwaro rinotsigira pfungwa yekuti mubereki wemwana arikushaikwa anogona kunge akafa.
- Fotokopi yeBirth certificate remwana

***Ko hama yangu isina pasipoti ingadzoka kumusha sei iyo isina pasipoti?***


Zvizvarwa zveZimbabwe zvisina mapasipoti zvinokwanisa kudzoka kumusha. Havarambidzwe kudzoka kunyika dzechizvarirwo asi dzimwe nguva Bazi rinoona nezvekupinda nekubuda munyika kwevanhu rinogona kuda kuongorora kuti rive nechokwadi chekuti anobva kupi chaiko. Izvi zvinoitwa nerutsigiro rwunobva kuneBazi rinopa vanhu zvitupa nemamwe magwaro akakosha. Vanoenda kumusha kwemunhu arikuda kudzoka kuti vanzwe kuti ichokwadi here kuti ndiko kumusha kwake. Tsvakurudzo iyi inoitwa munhu arikuda kudzoka kumusha ari panzvimbo dzakachengeteka pamutemo. Tsvakurudzo iyi inoitwa pasina mubhadharo kubva kuemunhu arikuda kudzoka kunyika yake yechizvarirwo.

***Ko Bazi rinoona nezvekupinda nekubuda kwevanhu munyika rinobatsira sei pakutsvaga hama yangu iri kushaikwa?***

Bazi iri rinotsigira ZRP kubudikidza nekuvaudza mafambiro akaita munhu ari kushaikwa. Vanovaudza zuva raakabuda munyika, boarder raakashandisa uye mafambiro ake nguva zhinji. Ruzivo urwu vanorwupihwa kana mapurisa achinge abvunza. Ruzivo urwu harwungopihwe kune veruzhinji kana kuhama dzemunhu arikushaikwa.

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
**Department of Immigration**
Chingaira Makoni Building
Cnr Herbert Chitepo Avenue/L.Takawira Street
Harare, Zimbabwe
T: +263 242 791913-9
www.zimimmigration.gov.zw

**RedSafe** ICRC



**Urikufunga kutama kuenda kune dzimwe nyika here?**

## Shandisa ruzivo rwakavimbika

**Download RedSafe kana kushanyira pa www.icrc.org/redsfae**
ICRC inopa mukana wekushandisa RedSafe iyi pachena kune mamwe manetiweki enharembozha muZimbabwe ne South Africa.

Ministry of Foreign Affairs
Civil Registry Department
Department of immigration
Department of Social Development

Zimbabwe Republic Police

**Insurance and Pensions Commission**

facebook.com/icrc
twitter.com/icrc_safrica
instagram.com/icrc


**International Committee of the Red Cross**
Pretoria Regional Delegation
202 East Avenue, Arcadia
Pretoria, South Africa
T: +27 12 430 7335 / 6/ 7
F: +27 12 430 4471
Email: pretoria@icrc.org
www.icrc.org/za



Mufananidzo waitwa na:
Khatija Nxedlana

ICRC

2021.173/002

MUCHIDIMBU




# ZIMBABWE

## RUZIVO MAERERANO NEMUTEMO NEKUFAMBISWA KWENYAYA DZEVANHU VARI KUSHAIKWA

ICRC

## KOMISHONI INOONA NEZVEMAINSURANCE NEPENJENI

***Ndinokwanisa kutora here mari dzeinsurance kana dzepenjeni yehama yangu iri kushaikwa?***
Hongu, asi ndapota, cherechedzai kuti makambani emainsurence anoti unotanga wabhadhara policy kuti uzowana zviri papolicy. Kazhinji policy dzevanhu vanenge vachishaikwa dzinenge dzisina kubhadharwa dzobva dzavharwa mushure memwedzi mitatu. Naizvozvo mapolicy mazhinji evanhu vanenge vachishaikwa anenge atovharwa. Penjeni inoramba iripo nekuti imari yawakachengetedza yauchangopihwa kunyangwe uchisiri kuisa imwe mari.

***Penjeni inogona kutorwa kana zvinotarisirwa zvakaringana:***
- Kana munhu arikuda kutora penjeni anofanirwa kunge akanyoreswa kuti ndiye anofanira kupihwa penjeni uye kana mutemo uchiti ndiye mudyi wepenjeni.
- Mudyi wepenjeni anofanira kuve neGwaro rakanyorwa nedare rinotaridza kuti kuti zvakabvumiranwa kuti munhu ari kushaikwa anogona kunge akafa.
- Vemainsurance nevepenjeni vanoziva kuti pane hutsotsi hunogona kuitika pakutorwa kwemari dzepenjeni neinsurance, naizvozvo vanoita ongororo netsvagurudzo yakasimba vasati vabuditsa mari. Kufambira nyaya dzekubuditswa kwemari idzi kunogona kukuhunisa vanofanira kuwana mari idzi asi zvinofanira kudaro nekuti mari idzi dzinofanira kuzopihwa kune vadyi vadzo zviri pamutemo. Mukupedzisira kana mapepa akarongeka, mari dzacho dzinozongobuda zvadzo.
- Kuti mukwanise kuziva mamiriro epenjeni dzemunhu ari kushaikwa, vane tarisiro yekutora penjeni vanokurudzirwa kubvunza zvavangade kuziva vachishandisa meseji dzinotumirwa kuIPEC kana website yacho.
- Pakunyora mameseji mhuri dzinogona kunyora kuti ‘ penjeni’ kunhamba inoti +263787821846 votevedzera matanho anotaurwa ipapo.
- IPEC website , mhuri dzinoyambirwa kuti vavhure www.ipec.co.zw votinya pakanzi *mari dzisati dzatorwa* vobva vaisa zita remunhu ari kushaikwa. Kana vakawana zita remunhu ari kushaikwa, munokwanisa kuenda kune vanoona nezvekufambiswa kwepenjeni kuti vanonyoresa kuti vapihwe mari dzepenjeni.

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
**Insurance and Pensions Comission (IPEC)**
160 Rhodeville Ave, Greendale, Harare
Foni : +263 242 443358
Imeri enquiry@ipec.co.zw
Panovhurwa Muvhuro kusvika Chishanu : 0800-1630 ( kunze kwemazuva ezororo)

## BAZI RINOONA NEZVEBUDIRIRO PANYAYA DZEKUGARISANA KWEVANHU

***Ko bazi rinoona nezvebudiriro panyaya dzekugarisana kwevanhu ringabatsira sei mhuri yangu?***
- Bazi iri rinobatsira mhuri dziri panjodzi kubudikidza nezvirongwa zvakasiyana siyana. (Rutsigiro rwunopihwa vanhu vadzokera kunogara munzvimbo dzavaimbogara kare, rutsigiro panyaya dzezvedzidzo nezvehutano, zvekudya, kutumirwa kwemari, kudzoswa munyika dzechizvarirwo nekusanganisa vanga vakapatsana.)
- Kubatsira vane chido chekudzoka kunyika dzavo dzechizvarirwo.
- Mhuri dzevanhu vari kushaikwa dzine kodzero yekubatsirwa kana zvikaonekwa kuti vari panjodzi .
- Kuti mhuri dzinyorese kuti dzinoda rubatsiro, dzinotarisirwa kuti dziende kumahofisi eSocial services mumatunhu avanogara. Pakunyoresa panodiwa chitupa kana uri munhu mukuru uye gwaro rekuzvarwa ( birth certificate) kana ari mwana mudiki. Zvisinei, mhuri dzinogona kungobatsirwa kunyangwe dzisina magwaro aya.
- Bazi iri rinochengetedza vashanyi vanobva kune dzimwe nyika vanenge vaomerwa, vana vasina muchengeti, vanhu vakatorwa zvisiri pamutemo kuti vanoshanda kune dzimwe nyika uye nemapoka evanhu vari panjodzi.
- Rubatsiro urwu rwunokwanisa kuwanikwa chete mushure mekunge paitwa ongororo.

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
**Department of Social development**
9th Floor Kaguvi Building
Corner S.V Muzenda Avenue/ Central Avenue, Harare
Nhamba Dzenhare : +263 242 746126/705040/735694
Tinowanikwa mumatunhu ese 65: Muvhuro- Friday 0800-1630 hours

## ZIMBABWE REPUBLIC POLICE

***Ndinokwanisa here kuzivisa mapurisa emuZimbabwe nezvehama yangu yakashaikwa iri kunze kwenyika?***
Hongu. Zimbabwe Republic Police ine nzira dzekutsvaga nadzo vanhu vari kushaikwa kunyange vakashaikwa vari kunze kwenyika.

***Ndinovazivisa sei?***
- Chero nhengo ipi yemhuri inokwanisa kuenda kunozivisa mapurisa kuti pane hama yavo yavari kushaya pachiteshi chemapurisa chiri pedyo navo.
- Hapana chinobhadharwa pakuzivisa mapurisa. Mhuri dzinotarisirwa kuudza mapurisa zvavanobvunza pamusoro pemunhu ari kushaikwa kuti vakwanise kunyora paFomu remunhu ari kushaikwa . ( Fomu 28) Mapurisa anoisa mufananidzo wemunhu ari kushaikwa kana uripo. Zvimwe zvinobatsira zvinosanganisira chitupa chemunhu arikushaikwa, nzvimbo yamunofungira kuti ndiko kwaakanyangarikira ma*finger prints*, pamwe nezvimwe zvinobatsira pakumutsvaga zvakaita semaDNA sampuru.

***Ko mapurisa anomutsvaga sei kana akapedzisira kuwonekwa ari kunze kwenyika?***
- Kana achitsvagwa kunze kwenyika, anotsvagwa kubudikidza nebazi reINTERPOL. Bazi reINTERPOL rinoshanda pamwe nemapurisa ari mune dzimwe nyika.
- Mhuri dzinogona kuenda kunonzwa kuchiteshi chemapusira kwavakanyoresa nezvekushaikwa kwehama yavo mushure memazuva makumi matatu kuti vanzwe kana paine zvawanikwa.
- Kana veZRP vakawana munhu arikushaikwa , hama iri pedyo inoziviswa kana vachinge vapihwa mvumo nemunhu ange achishaikwa. Kana munhu awanikwa aine hurwere hwekurwara nepfungwa uye kana achiri mwana mudiki ari pasi pemakore gumi nemasere, hama dzake dzinoziviswa zvisinei nekuti avapa mvumo here kana kwete.

***Mapurisa anondipa here gwaro rinotaridza kuti ndanyoresa ndichitsvaga munhu arikushaikwa?***
Hongu. Mapurisa anonyora gwaro rinotaridza kuti ndavazivisa pamusoro pemunhu ari kushaikwa vobva vakupa nhamba yenyaya yacho. (reference nhamba)

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
Endai pachiteshi chemapurisa e ZRP chiri pedyo nemi.

## BAZI REZVEKUTONGWA KWEMHOSVA, MITEMO NEMAFAMBIRO EDARE REPARAMENDE

***Ko ndingafambise sei hupfumi hwehama yangu iri kushaikwa?***
MuZimbabwe mune mutemo unotaura nezvemunhu ari kushaikwa (Missing Persons Act). Mutemo uyu unobvumidza kuti pave nekubvumirana kuti munhu arikushaikwa akafa uye kuti hupfumi hwake hungafambiswa sei.

***Chii chinoitwa pakunyoresa?***
- Munhu wese anoda kunyoresa zvine chekuita nemunhu arikushaikwa, anofanira kuendesa nyaya yake kune munyori weDare wemudunhu raigara munhu asati ashaikwa.
- Hapana chinobhadharwa pakunyoresa kumunyori wedare nezvemunhu ari kushaikwa.
- Kana ari kuzivisa mapurisa nezvemunhu ari kushaikwa isiri hama yepedyo yemunhu arikushaikwa, Munyori wedare achazivisa hama yepedyo yemunhu ari kushaikwa.
- Mushure mekunge panyorwa gwaro rekuzivisa nezvemunhu arikushaikwa, panozoitwa tsvakurudzo yekuedza kunzwisisa zvakaitika pakanyangarika munhu arikushaikwa.
- Dare rinogona kuti vafakazi vape uchapupu mushure mekupika mhiko yekutaura chokwadi vachitsanangura zvakaitika pakazonyangarika munhu arikushaikwa.
- Kana Mutongi wedare akagutsikana mushure meongororo kuti munhu arikushaikwa aigara munzvimbo iri pasi pedare iri, anogona kunyora gwaro rinotaridza kuti munhu arikushaikwa anogona kunge akafa kana kuti akanyangarika. Kana akaona zvakakodzera, Mutongi wedare anogona kupa mutongo wekuti munhu ari kushaikwa uyu akafa kana kuti akanyangarika uye anobva apa mvumo yekuti patsvagwe mufambisi wenhaka yake.

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
Matare ese a Magistrate emuZimbabwe anotonga nyaya dzemagariro evanhu. Matare aya anogara akavhurwa mazuva ese kusiya kwenguva dzezororo remunhu wese. Matare aya anowanikwa mumatunhu ese ari 65 emunyika.

## BAZI RINOONA NEZVEKUNZE KWENYIKA NEKUTENGESERANA NENYIKA DZEKUNZE

***Ko Bazi rezvekunze kwenyika nekutengeserana nedzimwe nyika dzekunze neEmbassy yeZimbabwe iri muPretoria ringabatsire sei zvizvarwa zvemuZimbabwe zviri kuSouth Africa?***
Embassy iri muSouth Africa inopa zvizvarwa zveZimbabwe zviri kuSouth Africa magwaro ekufambisa zvitupa, mabirth certificate, death certificate nezvimwewo kune vafambi vane mapepa akakwana uye vasina magwaro ekufambisa Chinangwa chehofisi yemumiriri wemuZimbabwe kuSouth Africa hachisi chekumhangara kana kusunga nekudzosa vanenge vaenda kuSouth Africa vasina mapepa akakwana. Chinangwa chehofisi iyi ndechekupa zvizvarwa zveZimbabwe ruzivo pamafambisirwo ezvimwe zvakakosha pamutemo.

Bazi iri rinoshanda pamwe chete neZimbabwe Republic Police nevamwe vane chekuita nenyaya dzevanhu vari kushaikwa mukuedza kubatsira hama kuti dziwane vari kushaikwa. Munogona kubvunza zvakanangana nehama yenyu iri kushaikwa pa Embassy, semuenzaniso, munogona kubvunza kuti hama yenyu yakasungwa here uye kuti ingave iri mujeri here.

***Ko ndinozvifambisa sei pakutakura chitunha chehama yangu yakafira kunze kwenyika?***
Mhuri dzinogona kuunza kuZimbabwe mitumbi yehama dzakashaika dzisina mapepa ekufambisa kana kuti dzine mapepa ekufambisa. Hofisi yemumiriri weZimbabwe kuSouth Africa (Consulate) iri paEmbassy uye inobatsira pakufambisa mapepa paboarder asi haishandi yakanangana nemhuri yemufi. Mhuri dzinokurudzirwa kuti dzitsvage dzega vanotakura zvitunha kuti vagadzirise vega mapepa ekuunza chitunha kumusha. Mari dzinobhadharwa pakuunza chitunha dzinosiyana-siyana zvichienderana nevari kubata basa uye mari idzi dzinobhadharwa nehama dzemufi.

***Svikai kana kufona kana kunyorera pa:***
**Ministry of Foreign Affairs (Zimbabwe Office)**
The Ministry of Foreign Affairs
P.O. Box 4240 Munhumutapa Building
Samora Machel Avenue/Sam Nujoma Street, Harare, Zimbabwe.
T: +263 242 794681/6 | +263 242 706114/5 | +263 242 793372/5
E: mfa@zimfa.gov.zw
Monday-Friday 0800-1600 hours
**Zimbabwe Embassy and International Trade in South Africa**
Zimbabwe Embassy
13A Boeing Road WEST, Bedfordview
P.O.Box 61736, Marshaltown, 2007, Johannesburg
T: +27 116155879/+27 110373400
E: admin@zimbabweconsulate.co.za
798 Merton Avenue, Arcadia, Pretoria
T: +27 12 342 5125
Munokurudzirwa kuisa appointment muchishandisa website musati maenda kuembassy kuti mupihwe nguva yekubatsirwa
Muvhuro kusvika Chishanu 0800-1600 hours

## BAZI REKUNYORESA ZVITUPA NEMAMWE MAGWARO EZVIZVARWA

***Ko tinowana sei mabirth certificate evana vane mubereki kana vabereki varikushaikwa***
Zvinodiwa pakutora birth certificate kana mubereki mumwe chete achishaikwa ndezvinotevera:
- **Kana amai varivo vari kushaikwa:** Baba vemwana nehama yaamai vemwana vanokwanisa kunotora.